

Pwosedì Plent Tit VI

Pwosedì plent Tit VI ki annaprè a lokalize sou sit entènèt LeeTran an konfòmite avèk egzijans Tit VI.

Antanke yon benefisyè asistans finansye federal, LeeTran gen anplas pwosedì plent Tit VI ki annaprè a.

Nenpòt moun ki kwè ke li te sibi diskriminasyon nan LeeTran sou baz ras, koulè, oswa orijin nasyonal ka depoze yon plent Tit VI lè li ranpli ak soumèt Fòm Plent Tit VI ajans lan. LeeTran ankete plent li resevwa yo nan lespas pa plis pase 180 jou apre swadizan ensidan an. LeeTran pral trete plent ki konplè yo.

Lè li fin resevwa yon plent, LeeTran pral egzamine l pou detèmine si biwo nou an gen jiridiksyon. Moun ki pote plent lan pral resevwa yon lèt rekonesans ki enfòm l si wi ou non biwo nou an pral ankete sou plent lan.

LeeTran gen 30 jou pou l fè ankèt sou plent lan. Si li bezwen plis enfòmasyon pou rezoud ka a, LeeTran ka kontakte moun ki pote plent lan. Moun ki pote plent lan gen 30 jou ouvrab apati dat lèt la pou l voye enfòmasyon ki nesèsè a bay anketè ki asiye sou dosye a. Si moun ki pote plent lan pa kontakte anketè a oswa li pa resevwa enfòmasyon siplemantè a nan lespas 30 jou ouvrab, LeeTran ka fèmen dosye a administrativman si moun ki pote plent lan pa vle pouswiv dosye a ankò.

Apre anketè a fin egzamine plent lan, li pral voye youn oswa de lèt bay moun ki pote plent lan: yon lèt fèmti oswa yon lèt konsta (LOF). Yon lèt fèmti rezime akizasyon yo epi deklare pa t genyen vyolasyon Tit VI epi dosye a pral fèmen. Yon LOF rezime akizasyon yo ak entèvyou osijè swadizan ensidan an, ak esplike si pral gen nenpòt aksyon disiplinè, fòmasyon adisyonèl manm pèsònèl la, oswa si nenpòt lòt aksyon pral rive. Si moun ki pote plent lan vle konteste desizyon an, li gen 30 jou apre dat lèt la oswa LOF pou l fè sa.

Yon moun ka depoze yon plent tou dirèkteman avèk Administrasyon Transpòtasyon Federal, nan Biwo Dwa Sivil FTA, Atansyon: Kowòdonatè Pwogram Tit VI, East Building, 5th Floor – TCR, 1200 New Jersey Ave., SE, Washington, DC 20590.

Fòm Plent Tit VI LeeTran

Seksyon I:				
Non:				
Adrès:				
Telefòn (kay/selilè):			Telefòn (travay):	
Adrès Imèl:				
Kondisyon Fòm Aksesib?	Gwo karaktè		Kasèt Odyo	
	TDD		Lòt	
Section II:				
Èske wap depoze plent sa a nan pwòp non w?		Wi*		Non
*Si ou reponn "wi" nan kesyon sa a, ale nan Seksyon III.				
Si non, tanpri bay non ak lyen ou genyen avèk moun wap pote plent pou li a:				
Tanpri esplike poukisa wap depoze yon plent pou yon tyès pati:				
<hr style="border: 0; border-top: 1px solid black;"/>				
Tanpri konfime ke ou te jwenn otorizasyon pati ki leze a si wap depoze yon plent nan non yon tyès pati.		Wi		Non
Seksyon III:				
Mwen panse diskriminasyon mwen te sibi a te baze sou (tcheke tout sa ki aplike):				
<input type="checkbox"/> Ras <input type="checkbox"/> Koulè <input type="checkbox"/> Orijin Nasyonal				
Dat Swadizan Akizasyon (Mwa, Jou, Ane): _____				
Esplike nan fason ki pi klè ke posib sa ki te pase poukisa ou kwè ou te sibi diskriminasyon. Dekri tout moun ki te enplike. Ajoute non ak enfòmasyon kontak moun(yo) ki te fè diskriminasyon kont ou (si ou konnen) ansanm avèk enfòmasyon kontak nenpòt temwen. Si ou bezwen plis plas, tanpri itilize do fòm sa a.				
<hr style="border: 0; border-top: 1px solid black;"/> <hr style="border: 0; border-top: 1px solid black;"/> <hr style="border: 0; border-top: 1px solid black;"/> <hr style="border: 0; border-top: 1px solid black;"/> <hr style="border: 0; border-top: 1px solid black;"/>				
Seksyon IV:				
Èske ou te depoze yon plent Tit VI anvansa avèk ajansa sa a?		Wi		Non

Fòm Plent Tit VI LeeTran

Seksyon V:	
Èske ou te depoze plent sa a avèk nenpòt lòt ajans lokal oswa Eta, Federal, oswa avèk nenpòt Tribinal Eta oswa Federal?	
<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
Si wi, tcheke tout sa ki aplike:	
<input type="checkbox"/> Ajans Federal: _____	
<input type="checkbox"/> Tribinal Federal: _____	<input type="checkbox"/> Ajans Eta: _____
<input type="checkbox"/> Tribinal Eta: _____	<input type="checkbox"/> Ajans Lokal: _____
Tanpri bay enfòmasyon sou yon moun kontak nan ajans/tribinal kote yo te depoze plent lan.	
Non:	
Tit:	
Ajans:	
Adrès:	
Telefòn:	
Seksyon VI:	
Non ajans ki konfòm nan kont:	
Moun kontak:	
Tit:	
Nimewo Telefòn:	

Ou ka ajoute nenpòt materyèl alekri oswa lòt enfòmasyon ou panse ki enpòtan pou plent ou an.

Siyati ak dat ki endike anba la a

Siyati

Dat

Tanpri soumèt fòm sa a anpèsan nan adrès ki anba, oswa voye fòm sa a pa lapòs nan:
Lee County Transit - LeeTran
Ranice Monroe, Compliance Coordinator
3401 Metro Parkway
Fort Myers, Florida 33901